

# *Lèt pou moun Galasi yo*



CEREZO BARREDO

## ***PREMYE KOZE A***

### ***De ti mo sou listwa Galasi a:***

Rejyon Ti sa a pote non Galasi akòz moun ki sòti nan Galya (Lafrans jounen jodi a), nan Lewòp, ki te vin kolonize l lane 300 anvan Jezi Kri. Preske yo tout te peyizan, epi yo te travay jaden ble, men te gen gadò mouton ak gadò bëf tou. Nan rejyon sa a p at gen vil, se te sèlman ti bouk ki te genyen. Apati lane 25 anvan Jezi Kri, rejyon Galasi a te fè pati lanpi women an, ki te met men sou li ak fòs gwo lame li a. Apati moman sa a, sitiayson rejyon an vin menm jan ak pa tout lòt peyi ki t ap viv anba lanpi women an. Kilti grèk ak kilti women an te anvayi tout peyi a, epi moun Galasi yo chanje reliyion zansèt yo, pou reliyion yo te enpoze yo. Chèf Galasi yo te vin koube tèt yo devan Women yo, epi yo te aksepte mòd lavi yo. Yo te dwe peye gwo taks Women yo te egzije yo, epi yo vin gen gwo dët. Poutèt sa, ti pa ti pa, peyizan yo rive pèdi tè yo nan men ofisyèl lanpi women yo. Moun yo kòmanse viv nan lamizè ak nan grangou. Yo te kòmanse bati vil yo kote moun rich yo te rete, epi kote peyizan ki te pèdi tè yo te vin rete swa kòm esklav, swa kòm atizan, swa pou yo fè nenpòt ki travay. Nan vil sa yo, komès la te mache byen, sitou pou moun rich yo. Te gen yon sektè nan kouch mwayen an, ki te fè kòb nan afè komès la, epi yo te antre nan kilti grèk la. Men pi fo pèp la te rete sou kote kilti sa a: peyizan yo, gadò mouton yo, esklav yo, ti atizan yo, travayè yo, ak lòt ankò. Yo kontinye pale lang manman yo.

Konsa, lè Pòl te rive nan Galasi, nan dezyèm vwayaj misyonè li a, bò lane 53/54, pèp la te gen gwo melanj nan afè reliyon, etni ak kilti (Travay 13,14–14,25; 16,6; 18,23). Pòl te malad lè li te rive nan reydon sa a, men sa pa anpeche li anonse Bon Nouvèl Jezi Kri a bay moun Galasi yo (Gal 4,13-14). Sanble aktivite sa a te pote bon rezulta (Gal 3,3-5). Yo te resevwa lafwa nan Jezi Kri ak gwo kè kontan, sitou medam yo, moun pòv yo, ak esklav yo ki santi yo vin lib ak egalego nan Jezi Kri (Gal 3,28).

Pòl te fonde plizyè kominate kreyen nan zòn Galasi a ak moun ki te sòti nan peyi etranje yo, moun ki pa t Jwif. Yon tan apre sa, kèk Jwif kreyen, ki te sòti Jerizalèm, te rive nan Galasi. Nan prèch yo fè, yo mande pou tout moun ki vin kreyen fè yo fè sikonsizyon pou yo, epi respekte Lalwa Moyiz la.

Jwif kreyen yo t ap plede di, Pòl pa yon apot tankou lòt yo. Yo pase Pòl nan betiz, paske li pa apot tankou Douz yo, paske se pa Jezi menm ki te chwazi l. Konsa, yo di sa li t ap preche ba yo a, se pa Bon Nouvèl Jezi Kri a toutbon vre. Sa te mete kominate ki te fèk fonde yo nan gwo kriz. Gen anpil kreyen moun Galasi, ki te kite kreyen Jwif yo pran tèt yo. Yo te kòmanse pa vle tandemesaj Pòl la.

Li ta posib lè sa a, Pòl te nan Efèz. Lè l te resevwa nouvèl sa yo, li te boulvèse anpil, li fache. Se konsa, li ekri lèt sa a, kote li rele moun Galasi yo, pou yo pa tounen nan esklavaj Lalwa a ankò. Lèt sa a, se li ki pi di nan lèt Pòl te ekri yo. Se sèl lèt Pòl ki pa kòmanse pou l di Bondye mèsi, e ki pa fini ak benediksyon pou moun yo. Sa montre nou jan Pòl te fache sou moun Galasi yo.

An menm tan, se youn nan pi bèl dokiman sou libète kreyen an. Libète a, se chemen ki mennen nou nan renmen an, ki angajman aktif ak Jezi Kri, e, ak frè, ak sè nou yo.

Nou kapab di, Pòl ekri lèt pou moun Galasi yo, bò lane 57. Mesaj lèt pou moun Galasi yo, sanble ak lèt pou moun Wòm yo, Pòl te ekri apeprè 6 mwa apre sa.

Lè nou li lèt pou moun Galasi yo, nou menm, kreyen jounen jodi a, sa ban nou oka-zyon mande tèt nou gwo kesyon enpòtan : kote rezon fondamantal ki dirije lavi kreyen an, nan yon seri obsèvasyon Lalwa ak rit ? Oswa nan angajman ak Jezi Kri ? Ki kalite libète nou genyen lakay nou kòm kreyen ? Ki kalite konviksyon ki gide lavi nou ?

#### *Men chapant lèt pou moun Galasi yo :*

Premye Koze a (1,1-9)

Levanjil Pòl te anonse a (1,10–2,21)

Bondye fè nou lib pou lafwa nan Jezi Kri (3,1–5,12)

Kouman nou dwe sèvi ak libète a nan Lespri Sen an (5,13–6,10)

Pou 1 fini lèt la (6,11-18)

**Bonjou**

**1** <sup>1,11;  
Wm  
1,1;  
T Ap  
20,24</sup> Pòl, apot, san se pa moun ki chwazi l, ni pa pouvwa yon moun, men pa pouvwa Jezi Kri ak Bondye Papa a ki leve l sòti byen vivan pami mò yo, <sup>2</sup>epi tout frè yo ki ansanm ak mwen, pou Legliz yo ki nan Galasi: <sup>3</sup>Favè pou nou ak kè poze, ki sòti nan Bondye Papa nou, ak Jezi Kri Granmèt la, <sup>4</sup>li menm ki bay tèt li, poutèt peche nou yo, pou li delivre nou sòti nan tan mechanste sa a, dapre volonte Bondye, ki Papa nou. <sup>5</sup>Glwa pou li pou toutan nètale, Amèn.

**Pa gen lòt Bon Nouvèl**

<sup>6</sup>Mwen sezi wè jan nou prese vire do bay Sila a ki rele nou an, grasa Kris la pou n al swiv yon lòt bon nouvèl. <sup>7</sup>Pa gen lòt, men sèlman kèk moun k ap simen latwoublay nan mitan nou, epi ki vle chanje Bon Nouvèl Kris la. <sup>8</sup>Men,

**1,1-5 :** Pòl te bay tèt li tit apot. Konsa li vle montre li apot toutbon menm jan ak Douz yo. Kretyen yo te konn li lèt yo devan tout kominate ki te rasable pou selebrasyon litiji a. Pwoblèm yo te genyen an te grav anpil. Nan epòk sa a te genyen kèk kretyen ki te Jwif, swa yo te fèt nan ras Jwif oubyen yo te konn pratike reliyion Jwif, anvan yo te batize. Kretyen Jwif sa yo te kontinye pratike Lalwa Moyiz. Yo te toujou ap di pou moun ki pa kretyen yo vin kretyen, fòk yo fè sikonsizyon pou yo, epi se pou yo respekte Lalwa Moyiz la. Sa fè moun Galasi yo pa fin kwè nèt nan Pòl, yo kòmanse ap mande si li se apot toutbon vre tankou Douz yo, oswa si li ba yo manti. Sa te fè Pòl fache anpil. Poutèt sa li kòmanse bay tèt li tit Apot, menm jan ak Pyè, Jan ak Jak. Li vle montre li gen menm otorite ak Douz yo. Pòl ensiste sou fason Jezi te rele l epi montre se li menm ki voye l dirèk dirèk nan misyon. Li ekri lèt sa a nan non lòt frè ki avè l yo. Bon Nouvèl Pòl preche a se Bon Nouvèl Jezi Kri a, ki fè nou konnen Bondye sove nou gratis, pa paske nou respekte Lalwa Moyiz la, men paske li renmen nou anpil.

**1,3 :** Gen kèk dokiman ansyen nan lèt sa a ki di : «Bondye Papa nou ak Jezi Kri Granmèt». Gen nan lòt yo ekri : «Bondye Papa a ak **Granmèt nou an** Jezi Kri». Se premye fraz la nou jwenn pi souvan nan lèt Pòl yo, men se dezyèm fraz la ki fè kretyen yo dekoutri pi byen idantite yo devan Jwif yo, paske se kretyen yo ki konn di Jezi Kri se Granmèt nou an.

**1,4 :** Vèsè sa a pa vle di Pòl gen nan tèt li lide tè a, ak sa Bondye fè yo pa bon ditou. Pou li

menm si nou menm, oubyen yon zanj ki sòti nan syèl la, ta anonse nou yon Bon Nouvèl ki depaman ak sa nou te anonse nou an, madichon pou li. <sup>9</sup>Tankou nou te di l déjà, n ap tounen di l kounye a: si yon moun anonse nou yon Bon Nouvèl ki depaman ak sa nou te resevwa a, madichon pou li.

<sup>10</sup>Konsa, èske kounye a m ap mete konfyans mwen nan moun oubyen nan Bondye? Oubyen èske se moun m ap chèche fè plezi? Si se moun pou mwen ta chèche fè plezi toujou, mwen pa t ap yon sèvitè Kris la.

<sup>11</sup>Tes  
2,4

**Kouman Pòl te vin apot**

<sup>11</sup>Mwen ta renmen fè nou konnen, frè m yo, se pa dapre moun mwen te bay Bon Nouvèl la. <sup>12</sup>Gade, se pa ni nan men moun mwen te resevwa l, ni mwen te aprann li, men se grasa Jezi Kri ki fè m dekoutri l. <sup>13</sup>Nou te tande

<sup>Mt</sup>  
16,17

<sup>2Kor</sup>  
11,21;

menm, moun ki pa kretyen yo gen yon lavi san limyè, san libète, ni kè kontan. Sovè a, Jezi Kri, ban nou yon lavi plen ak kouraj, yon lavi tounèf: lavi Peyi kote Bondye Wa a ki déjà kòmanse boujonnen sou tè a.

**1,6-10 :** Kretyen Galasi yo te sòti nan mitan pèp etranje yo. Yo pa t Jwif. Yo te gen kilti pa yo ak lang pa yo. Yo pa t konnen Lalwa Moyiz la ditou. Pòl pa t fè anpil tan ap preche Bon Nouvèl bay moun Galasi yo, apèn yon lane konsa. Pòl te sezi lè li te wè kouman nan yon ti tan konsa moun Galasi yo te kite lòt moun pran tèt yo. Pòl te anonse yo Bon Nouvèl la se yon Moun : Jezi Kri. Yo te touye l men Bondye te leve l byen vivan pami mò yo. Se li menm ki sovè Bondye ban nou an, e se lafwa nan Jezi Kri ki rache nou nan peche. Fòs kretyen yo pa chita nan fè sa Lalwa di, li chita pito sou lafwa kretyen yo nan Jezi ki sove nou. Se Bon Nouvèl sa a ki sèl laverite e menm si gen yon zanj ki di yon lòt bagay, li merite pou Bondye ba li madichon.

**1,11-24** Pòl se apot pou favè Bondye ak Pitit li Jezi Kri. Li ta posib pou tout moun Galasi te konnen sa k te rive Pòl, lè l te ale Damas pou l pèsekite kretyen yo (Travay 9). Nan lèt sa a, li vle montre li vin kretyen ak apot yon sèl kou. Li pran egzanp nan vokasyon Jeremi (Jeremi 1,5) ak nan Sèvitè Bondye ki gen pou soufri anpil la (Izayi 50,4) paske de pwofèt sa yo te fè misyon nan mitan moun ki pa t Jwif. Sou twa lane sa yo li te pase nan peyi Arabi, nou pa konnen anyen. Eske li te ale pou reflechi sou lafwa li paske li kite reliyion Jwif la? Eske li te bezwen yon tan pou li reflechi sa li genyen pou l fè kounye a plis-

<sup>T Ap 8,1</sup> pale sou konpòtman m, yon lè, nan reliyon Jwif yo, kouman mwen te konn pèsekite Legliz Bondye a ak anpil vyolans, epi chèche detwi l. <sup>14</sup>Nan relijon Jwif yo, mwen te pi fò pase plizyè nan moun ras mwen yo, ki te gen menm laj ak mwen. Mwen te pi cho pase yo nan defann sa zansèt nou yo te kite a. <sup>15</sup>Men, lè Sila a, ki te mete m apa depi nan vant manman m, ki te rele m, poutèt favè li te fè mwen, <sup>16</sup>lè sa fè l plezi, pou li fè m dekouvri Ptit li a, pou mwen te kapab bay Bon Nouvèl li a nan mitan pèp etranje yo, menm lè a, san mwen pa pran konsèy nan men pyès moun, <sup>17</sup>ni san mwen pa monte Jerizalèm bò kote sila yo ki te apot avan mwen yo, m al Arabi, apre sa, mwen retounen Damas.

<sup>T Ap 9,26</sup> <sup>18</sup>Pi ta apre twazan, mwen monte Jerizalèm pou m al rann Sefas yon vizit. Mwen rete ansanm ak li pou kenz jou, <sup>19</sup>men mwen pa t wè lòt apot, sòf Jak, frè Granmèt la. <sup>20</sup>Pou sa m ap ekri nou an, mwen di l devan Bondye, mwen p ap fè manti. <sup>21</sup>Epi m al nan zòn Siri ak Silisi. <sup>22</sup>Legliz Jide yo ki nan Kris la pa t rekonèt mwen. <sup>23</sup>Sèlman yo te konn tande yo di: sila ki te konn pèsekite nou lontan an, kounye a, l ap bay Bon Nouvèl lafwa sa a li t ap chè-

che kraze lontan an. <sup>24</sup>Yo t ap fè Iwanj pou Bondye poutèt mwen.

### Apot yo aksepte Pòl tankou apot

**2** <sup>1</sup>Apre sa, apre katòz lane, mwen tounen monte Jerizalèm ak Banabe. Mwen te pran Tit ak mwen tou. <sup>2</sup>Mwen te monte apre Bondye te fè m dekouvri yon bagay. Apre sa, mwen te mete Bon Nouvèl m ap preche a, nan mitan pèp etranje yo, devan yo, epi yon fason apa bay sila yo moun te konsidere anpil yo, dekwa pou mwen pa kouri, ni pou mwen pa t kouri pou granmesi. <sup>3</sup>Tit ki te ak mwen, kwak li te grèk, yo pa t fòse l aksepte pou yo fè sikonsizyon pou li. <sup>4</sup>Akòz kèk swadizan frè ki te fofile kò yo nan mitan nou an, tankou espyon k ap siveye libète nou genyen nan Jezi Kri, yo te vle fè nou tounen esklav. <sup>5</sup>Nou pa t soumèt nou bay moun sa yo, pa menm pou yon ti kadè, dekwa pou laverite Bon Nouvèl la rete bò kote nou, moun Galasi yo. <sup>6</sup>Pou moun yo konsidere anpil yo—kèlkeswa sa yo te ye a, sa pa fè m anyen menm, Bondye pa gade sou figi moun—pèsonaj sa yo pa t montre m anyen anplis. <sup>7</sup>Men, okontré, lè yo wè se nan men m yo renmèt Bon Nouvèl la, pou moun yo pa t fè sikon-

ke li vin kretyen? Antouka twa lane sa yo sanble ak tan lòt apot yo te pase ak Jezi a.

Kretyen Jwif yo ta vle pou moun Galasi yo detache yo ak Pòl pou vin swiv yo. Poutèt sa yo di: Pòl se pa yon apot toutbon tankou gwo apot Pyè, Jan ak Jak, paske se Jezi menm ki te chwazi yo. Pòl defann diyite li kòm apot, paske li te genyen yon gwo eksperyans ak Jezi Kri. Anplis Pòl te «wè» Jezi, li te dekouvri Kris la tou nan li menm yon fason espesyal. Lè li te ale Jerizalèm premye fwa a, li te vle fè konesans ak Pyè ak Jak, men se pa yo ki te fè li tounen apot. Pòl pat a ale Jerizalèm pou l mande yo pèmision oswa otorisasyon pou li preche Bon Nouvèl la. Li te dejà apot, epi li te nan misyon (Travay 9,23-30). Se Jezi ki leve byen vivan an ki te fè l apot. Epi se kominate Antyòch la ki te voye l nan misyon (Travay 13).

Pòl pa bay non kretyen Jwif yo ki te vin boulvèse kominote Galasi yo, men li di: *Se fo frè yo ye. Yo se espyon ki rayi libète kretyen yo, epi mete yo nan esklavaj Lalwa a.*

**2,1-10:** Dezyèm fwa Pòl te ale Jerizalèm (Se nan Travay 15, gen kòmantè ki fèt sou reyinyon sa a) katòz lane apre Jezi te rele l pou li vin apot, li te fè yon gwo eksperyans kòm misyonè, nan mitan moun ki pa t Jwif yo. Li te ale paske Lespri Sen an menm te montre l sa pou li fè. Pòl vle aprann nou se Lespri Sen an ki te gide lavi l menm jan Li te gide lavi Jezi a. Epi se Li menm ki dwe gide tout moun n ap preche Bon Nouvèl la jan Legliz la vle a.

Mision Pòl te fè nan Jerizalèm nan te pote bon rezilta: apot kretyen Jwif yo te rekonèt Bon Nouvèl Banabe ak Pòl t ap preche bay pèp etranje yo: li bon, li kòrèk nèt, se konsa laverite Jezi Kri a ye. Epi yo rive fè yon akò pratik pou youn pa deranje misyon lòt fè: Pyè pral travay ak kretyen Jwif yo; Pòl pral travay ak kretyen ki sòti nan pèp etranje yo.

Nou kapab di pwoblèm yo te rezoud nan solidarite, nan kominyon ak nan pran reskonsabilite youn lòt.

<sup>T Ap 15,2</sup>

<sup>T Ap 15,19</sup>

<sup>T Ap 15,24;  
Wm 16,15</sup>

<sup>Dtw 10,17</sup>

<sup>Wm 15,15</sup>

sizyon pou yo a, menm jan se nan men Pyè yo te renmèt li, pou moun yo fè sikonsizyon pou yo,—<sup>8</sup> paske Sila ki te travay nan Pyè pou l bay mesaj apot la nan mitan moun yo fè sikonsizyon pou yo a, te travay nan mwen tou, nan mitan pèp etranje yo:—<sup>9</sup> epi lè yo rekonèt gras yo te ban mwen an, Jak, Sefas ak Jan, sila yo konsidere kòm gwo poto yo, yo bay mwen menm ak Banabe lanmen kòm asosye, dekwa pou nou menm n al bò kote pèp etranje yo, epi yo menm bò kote moun yo fè sikonsizyon pou yo a. <sup>10</sup> Sèl bagay, yo mande pou nou sonje moun pòv yo, epi mwen te mete anpil aktivite pou m fè sa.

Mk 5,37; 9,2  
T Ap 24,17;  
1Kor 16,8;  
2Kor 8,1

### Pòl fè Pyè repwòch

<sup>11</sup> Men lè Sefas te vin Antyòch, mwen te pran pozisyon kont li, devan tout moun, paske li te merite repwòch. <sup>12</sup> Anvan kèk nan moun Jak yo te rive, li te konn manje ak pèp etranje yo, men rive yo rive li demake, li mete kò l apa, li te pè moun sa yo, yo fè sikonsizyon pou yo a. <sup>13</sup> Lòt Jwif yo fè ipokrit tou, menm jan ak li, jistan ata Banabe antre nan fè ipokrit tou. <sup>14</sup> Men lè mwen wè, yo pa t ap mache dwat dapre laverite Bon Nouvèl la, mwen di Sefas devan tout moun: Si ou menm ki Jwif w ap viv tankou pèp etranje yo, epi ou pa viv tankou Jwif, kijan ou fè ap fòse pèp etranje yo, pou yo viv tankou Jwif?

T Ap 10,28  
T Ap 15,10

### Se Lafwa k ap sove ni Jwif ni pèp etranje yo

<sup>15</sup> Nou menm, nou se Jwif natif natal,

**2,11-14:** Akò yo te fè nan konsil Jerizalèm nan (Travay 15) se te yon bon akò pou kominate ki te genyen sèlman kretyen Jwif yo ladan yo osin non sèlman kretyen ki sòti nan pèp etranje yo; men akò a pa kont pou kominate yo ki te genyen toude kategori moun sa yo ladan yo, tankou kominate Antyòch la, pa eggzanp. Se konsa Pyè tonbe nan fè ipokrit e Pòl korije l.

**2,15-21:** La a, nou gen yon rezime sou sa Pòl ta pral esplike, kèk lane apre, nan chapit 2-8 lèt li te ekri pou moun Wòm yo. Ni moun ki Jwif ni

nou pa pechè ki sòti nan pèp etranje yo. <sup>16</sup> Men nou konnen se pa zèv Lalwa ki fè yon moun vin kòrèk, men se lafwa nan Jezi Kri, nou menm tou nou kwè nan Jezi Kri, dekwa pou nou kapab vin kòrèk, poutèt lafwa nou nan Kris la, men pa poutèt zèv Lalwa yo, paske *pa gen yon moun k ap vin kòrèk* poutèt zèv Lalwa yo. <sup>17</sup> Men si, antan n ap chèche vin kòrèk nan Kris la, e twouve se pechè nou ye tou, èske Kris la ta sèvitè peche a? Jamè. <sup>18</sup> Konsa, si mwen tounen bati sa mwen te kraze a, m ap montre mwen se yon moun rebèl. <sup>19</sup> Reyèlman vre, mwen menm se poutèt Lalwa a, mwen mouri fini nèt ak Lalwa, pou mwen viv pou Bondye. Mwen te kloure sou kwa a ak Kris la. <sup>20</sup> Se pa mwen menm k ap viv ankò, men se Kris la k ap viv nan mwen, sa m ap viv kounye a nan kò mwen, m ap viv li nan lafwa Pitit Bondye a, ki renmen mwen, e ki bay tèt li pou mwen. <sup>21</sup> Mwen pa t gaspiye favè Bondye a. Reyèlman vre, si se poutèt Lalwa a nou vin kòrèk, ebyen Kris la mouri pou granmesi.

W.m  
3,22;  
T Ap  
15,11;  
Sòm  
143,2

W.m  
7,1;  
8,11

Fp 1,21;  
Kol 3,3;  
Jn 13,1;  
Tit 2,14

5,4

### Lalwa oubyen lafwa

**3** <sup>1</sup> Moun Galasi, moun san konprann, kilès ki pran nanm nou, alòske se devan je nou, yo te montre nou Jezi Kri yo te kloure sou kwa a. <sup>2</sup> Mwen ta renmen nou di m yon sèl bagay: Èske nou te resevwa Lespri a, poutèt zèv Lalwa yo, oswa poutèt lafwa nan sa nou te tande a? <sup>3</sup> Se konsa nou san konprann? Nou te kòmanse ak Lespri a, kounye a se ak kò a n ap fini? <sup>4</sup> Èske se pou granmesi nou te soufri

1Kor  
2,2

moun ki pa Jwif, yo tout se lafwa nan Jezi Kri ki sove yo, se pa fè tou sa Lalwa a mande.

**3,1-5:** Moun Galasi yo te tande prèch Bon Nouvèl Pòl te fè pou yo a, yo te kwè nan sa li te di yo a epi yo te batize yo. Kwè yo kwè nan Jezi Kri, te fè yo te resevwa fòs Lespri Sen an ki rasable moun nan yon menm kè e ki fè youn travay pou fè sa ki byen pou lòt yo. Jouk moman sa a, moun Galasi yo pa t ko janm tande pale sou Lalwa Moyiz. San yo pa t konnen sa Lalwa sa a di, yo te resevwa kado Lespri Sen Bondye

tout bagay sa yo? Si se te pou gran-mesi vre! <sup>5</sup>Konsa, Sila a ki ban nou Lespri a, epi ki fè mirak nan mitan nou, èske se poutèt zèv Lalwa yo, oswa poutèt lafwa nan sa nou te tande a? <sup>6</sup>Menm jan Abraram te kwè nan Bondye, epi sa te fè yo konsidere l tankou yon nèg kòrèk, <sup>7</sup>konsa, se pou nou konnen: tout moun ki gen lafwa, se yo menm ki pitit Abraram. <sup>8</sup>Kòm Liv la te prevwa, depi davans, se ak lafwa, pèp etranje yo vin kòrèk, Bondye te gen tan anonse Abraram Bon Nouvèl sa a lè l te di l: «*Se nan ou tout pèp etranje yo pral jwenn benediksyon.*» <sup>9</sup>Konsa, sila yo ki gen lafwa a, yo jwenn benediksyon ansanm ak Abraram ki te kwè a. <sup>10</sup>Tout moun k ap viv dapre zèv Lalwa a, se anba madichon yo ye, paske yo ekri: «*Madichon pou sila ki pa kenbe tou sa ki ekri nan Liv Lalwa a pou l fè yo.*» <sup>11</sup>Sa klè, pa gen pèsonn ki kapab vin kòrèk devan Bondye ak Lalwa, paske sila ki kòrèk la, se lafwa k ap fè l viv. <sup>12</sup>Lalwa pa sòti nan lafwa, men yon moun ki fè sa l mande yo, ap viv ladan yo. <sup>13</sup>Kris la te achte nou anba madichon Lalwa a, antan li tounen madichon pou nou, paske men sa ki ekri: «*Madichon pou nenpòt moun yo pann sou bwa a,*» <sup>14</sup>konsa pou benediksyon Abraram lan rive jwenn pèp

<sup>Jen  
15,6;  
Wm 4,3</sup><sup>Jen  
12,3</sup><sup>Dtw  
27,26;  
Wm 7,7;  
Jak  
2,10</sup><sup>Abk 2,4</sup><sup>Lev  
18,5;  
Wm  
10,5</sup><sup>Dtw  
21,23;  
T Ap  
5,30</sup>

etranje yo, nan Jezi Kri, pou nou resevwa pwomès Lespri a, poutèt lafwa a.

### Lalwa ak pwomès Bondye

<sup>15</sup>Frè m yo, m ap pale jan moun konn pale: depi yon testaman fèt anfòm, pyès moun pa rejte l, pyès moun pa ajoute bagay ladan. <sup>16</sup>Se pou Abraram ak pou Sila k ap sòti nan ras li a, pwomès yo te fèt. Yo pa di: pou pitit pitit ou yo, kòmsi dirè se ta pou plizyè, men se pou yon sèl: *Se pou Sila k ap sòti nan ou a, ki se Kris la.* <sup>17</sup>Se poutèt sa, m ap di nou: pou yon testaman Bondye te déjà fè anfòm, menm apre katsantrant lane, Lalwa pa kapab kraze l, pou li fè pwomès la tonbe. <sup>18</sup>Si se Lalwa ki fè jwenn eritaj, se pa pwomès la, epoutan se grasa pwomès la, Bondye fè Abraram jwenn favè. <sup>19</sup>Alò poukisa Lalwa? Se anplis yo mete l, poutèt fot yo, jistan Pitit pitit yo te fè pwomès pou li a, rive. Pwomès sa a, zanj yo te deklare l, grasa yon moun ki anchaje akò a. <sup>20</sup>Yon moun ki anchaje yon akò pa sèl pou kont li, men Bondye, li menm, sèl pou kont li.

<sup>Jen  
12,7</sup><sup>Wm  
11,16</sup><sup>T Ap  
7,38;  
7,53;  
Gal 4,3;  
Kol  
2,15;  
Eb 2,2</sup>

### Poukisa Bondye bay Lalwa

<sup>21</sup>Èske Lalwa a kont pwomès Bondye yo? Jamè. Paske si Lalwa yo bay la ta kapab bay lavi, reyèlman vre, sa

ba yo a. Kisa y ap genyen, kounye a, si yo fè sikonsizyon pou yo? Eske gen yon lòt Lespri Sen yo pral resevwa ankò? Eske yo pral resevwa yon lòt sovè ankò? Pòl santi moun Galasi yo kòmanse fè bak nan bèle lafwa yo te genyen an.

**3,6-14:** Kretyen Jwif yo ki te rive nan komino-te Galasi yo, yo te kòmanse di: «*Jezi te yon Jwif. Yo te fè sikonsizyon pou li, epi se sa ki te fè l pitit Abraram. Kounye a, si nou vle swiv Jezi Kri, fòk yo fè sikonsizyon pou nou tou, pou nou tounen pitit Abraram.*» Pòl reyaji kont mòd panse sa a. Li di yo: An premye, Bondye te pase yon kontra kòrèk ak Abraram. Li pa t egzije Abraram anyen, men li te fè l yon pwomès. Kounye a tout sa Bondye mande pou l kapab sove pitit Abraram yo, se pou yo fè l konfyans.

Depi Abraram jouk jounen jodi a, se pa Lalwa Moyiz ki sove moun, se lafwa nan Pwomès Bondye a ki bay lavi. Moun ki kwè nan Jezi Kri, se li ki pitit Abraram toutbon epi se li menm ki eritye

pwomès la, paske lè Bondye te fè Abraram pwomès la, se Kris la li te gentan anonse.

**3,15-18:** Bondye te fè Abraram bèle pwomès li pral vin Papa anpil anpil pitit. Pwomès se dèt. Pwomès la se tankou yon kontra Bondye te pase ak Abraram. Bondye te pase kontra sa a ak Abraram anpil lane anvan Lalwa a ki sòti nan Mòn Sinayi a. Dapre Pòl, pitit Abraram nan se Jezi Kri. Se Li menm Bondye te pwomèt Abraram nan. Epi nou menm ki fè youn ak Jezi Kri nan batèm nan, nan lafwa a, nou eritye pwomès la nan Jezi Kri, paske Bondye te fè Abraram pwomès la dirèk dirèk, li pa t mande l fè sa Lalwa Moyiz la di.

**3,19-24** Nan fanmi grèk ak women yo, te konn genyen yon gason esklav (yo te rele l pedagòg) pou gide timoun yo. Se te yon moun ki sevè anpil. Li te genyen wòl veye, korije epi bay timoun yo pinisyon. Men lè timoun yo te fin gran, yo pa t anba pouvwa gid sa a ankò. Dapre Pòl, se

ki fè yon moun vin kòrèk la, se nan Lalwa a li ta sòti.<sup>22</sup> Men Liv la te mete tout bagay anba peche a, dekwa pou se moun ki kwè yo ki jwenn pwomès la, grasa lafwa nan Jezi Kri.<sup>23</sup> Men anvan lafwa a te rive, yo te kenbe nou byen fèmen anba Lalwa a, jistan lafwa ki te gen pou li vini an, parèt.<sup>24</sup> Konsa Lalwa a te tounen pwofesè nou, rive jis nan Kris la, dekwa pou se lafwa ki fè nou vin kòrèk.<sup>25</sup> Men lè lafwa a rive, nou pa nan men pwofesè ankò.<sup>26</sup> Reyèlman vre, nou tout, moun Galasi yo, nou se ptit Bondye, poutèt lafwa nan Jezi Kri.<sup>27</sup> Nou tout ki te batize nan Kris la, nou abiye ak Kris la.<sup>28</sup> Nanpwen ni Jwif, ni Grèk, nanpwen ni esklav, ni moun ki an libète, nanpwen ni gason, ni fi, paske nou tout nou se yon sèl nan Jezi Kri.<sup>29</sup> Si nou nan Kris la, nou se ptit ptit Abraram, eritye dapre pwomès la.

**4**<sup>1</sup> Men sa m ap di: toutotan eritye a timoun, pa gen diferans ant li menm ak yon esklav, menm si li se mèt tout bagay.<sup>2</sup> Men li anba lòd moun

wòl sa a Lalwa te jwe. Li te fèt pou edike yon pèp, pou yon tan, pou montre moun yo, yo pa kapab gide tèt yo pou kont yo, montre yo peche yo te fè yo, epi soutni yo nan lespwa Sovè a ki gen pou l vini, dapre pwomès Bondye te fè a.

**3,25-27**: Depi Bondye te fin reyalize sa l te pwomèt la, wòl Lalwa a te fini nèt. Menm jan lè timoun yo grandi wòl gid la te fini nèt tou. Moun ki batize epi ki gen lafwa nan Jezi Kri yo vin gran-moun lakay yo, yo abiye ak Kris la tankou yon moun abiye kò l ak yon bél rad. Sa vle di yo vin tounen yon lòt moun ki pòtre ak Jezi Kri.

**3,28-29**: Nan Jezi Kris pa gen diferans ant moun ak moun. Pa gen diferans ant moun Jwif ak moun Grèk; pa gen diferans ant esklav ak moun lib; pa gen diferans ant gason ak fi. Apati Jezi Kris tout moun egal ego, tout moun rekiperé menm diyite yo te genyen lè Bondye a te kreye moun pòtre avè l (Jenèz 1,26-28).

**4,1-3**: Pòl te konsidere moun Galasi yo anba pouvwa fòs lanati yo te kwè yo t ap gouvènen tè a. Si moun Galasi yo antre nan esklavaj Lalwa Jwif yo, se menm bagay si yo tounen nan esklavaj sevis zidòl, yo te konn viv anvan yo te resevwa Bon Nouvel Jezi Kri a. Kounye a, grasa Jezi, chemen libète a ouvè pou nou. Pou kòmanse, Kris delivre nou anba kwayans ki te anpeche

ki responsab li ak jeran yo jis lè dat papa a te fikse a rive.<sup>3</sup> Konsa, nou menm tou, lè nou te timoun, nou te esklav anba prensip wòwòt tè yo,<sup>4</sup> men lè tan an rive bout, Bondye voye Pitit li a, ki fèt sòti nan vant yon fi, ki fèt anba Lalwa,<sup>5</sup> pou li peye pou delivre moun ki anba Lalwa, pou nou tounen ptit adoptif.<sup>6</sup> Moun Galasi yo, poutèt nou se ptit, Bondye voye Lespri Pitit li a nan kè nou k ap rele «Abba», sa vle di Papa.<sup>7</sup> Konsa ou pa esklav ankò, men se ptit ou ye. Si se ptit ou ye, ou se eritye tou dapre volonte Bondye.

### Pòl pè pou moun Galasi yo

**8** Men lè nou pa t konnen Bondye, nou te esklav sa ki pa t Bondye sou tè a.<sup>9</sup> Men kounye a kòm nou konnen Bondye, ou pito Bondye konnen nou, kouman fè nou tounen nan prensip wòwòt yo ki san valè, pou nou ta vle tounen esklav yo ankò?<sup>10</sup> Gen jou, mwa, sezon, lane nou bay anpil enpòtans.<sup>11</sup> Mwen pè pou se pou granmesi mwen te travay pou nou.<sup>12</sup> Frè m yo,

<sup>1Kor 9,21;</sup>  
<sup>1Tes 1,6</sup>

nou rekonèt Bondye se Papa nou, epi aji tankou ptit ki lib.

**4,4**: Jezi sove moun sou tè a, paske li menm tou, li se yon moun. Li te fèt nan vant manman Mari. Se nan Lalwa li te resevwa fòmasyon li, sa vle di nan pèp Ansyen Kontra a. Lalwa sa a te bon, men tan li vin pase e sa te nesesè pou l te libere tèt li anba fado Lalwa sa a, pou l te ka bay nou tout laverite ki sòti nan Bondye a san mank.

Se sa ki te foto mitan refleksyon ki fèt sou Jezi nan premye syèk egzistans Legliz la: Bondye sove nou gratis nan Jezi Kri. Pou sa, li pran fòm moun pou l ka vin menm jan ak nou. E kesyon sove a, se pa sèlman fè nou antre nan Bondye, men nou sove paske Bondye vin jwenn nou epi li antre nan egzistans nou tou. Sa a se bagay tou-nèf Enkanasyon Jezi a, sa vle di Bondye ki tounen moun, pote bay moun ki sou tè a.

**4,9**: Nou ta vle vin tounen esklav ankò? Nou bouke byen vit ak libète a, paske li toujou komplike lavi nou. Li ta pi senp lontan pou nou di: «Mwen fè sa Lalwa mande m pou mwen fè». Men Pòl di moun Galasi yo: «Nou se moun pa Jezi, konsa kite lespri li gide nou». Moun Galasi yo te konn fete yon seri jou epi yo te swiv kèk regleman menm jan ak Jwif yo.

**4,12-20**: Kounye a, Pòl fè moun Galasi yo sonje premye fwa li te ale lakay yo. Lè sa a Pòl

tanpri souple, tounen tankou mwen, paske mwen menm tou mwen te menm jan ak nou. Nou pa t fè m anyen ki mal.<sup>13</sup> Nou konnen se yon maladi ki te ban mwen okazyon anonse nou Bon Nouvèl la pou premye fwa.<sup>14</sup> Nou pa t rale kò nou, ni nou pa t gen degoutans pou traka maladi mwen an te ban nou, okontrè, nou te resevwa mwen tankou yon zanj Bondye, tankou Jezi Kri.<sup>15</sup> Kote kè kontan nou an, non? Reyèlman vre, mwen asire nou se rache nou t ap rache je nou ban mwen si nou te kapab.<sup>16</sup> Konsa èske mwen te tounen lènmi nou, poutèt m ap di nou laverite?<sup>17</sup> Moun sa yo cho dèyè nou, se pa pou byen nou, men se vle yo vle separé nou ak Bon Nouvèl la pou nou kapab cho dèyè yo.<sup>18</sup> Men sa ki bon an: se pou nou toujou cho dèyè sa ki bon an, e pa sèlman lè m ak nou.<sup>19</sup> Pitit mwen yo, mwen tounen gen doulè tranche pou nou jistan Kris la pran fòm nèt nan nou.<sup>20</sup> Mwen ta renmen rete nan mitan nou kounye a, epi chanje vwa m, paske mwen pa konnen kote mwen ye ak nou.

<sup>1Tes 2,11;</sup>  
<sup>1Kor 4,15;</sup>  
<sup>Fm 1,10</sup>

<sup>Jen 16,15</sup>

### Aga ak Sara

<sup>21</sup> Di mwen, non, nou menm ki vle rete anba Lalwa a, èske nou pa tandé ki sa Lalwa a di?<sup>22</sup> Reyèlman vre, men

te malad, men moun Galasi yo pa t meprize l pou sa. Nou pa konnen ki kalite maladi Pòl te genyen, men antouka sa pa t anpeche moun Galasi yo resevwa l kòm yon mesaje Bondye te voye ba yo, sitèlman yo te byen akeyi l. Men kounye a, gen kretyen Jwif yo ki te sòti nan kominote Jerizalèm nan epi ki cho pou tout moun fè sa Lalwa Moyiz la mande. Nan vèsè sa a, Pòl pale yon fason pou pase yo nan betiz. Pòl santi se tankou yon manman ki nan doulè tranche li ye. Li te ba yo lavi ak Bon Nouvèl li te preche yo. Kounye a li santi li pèdi pitit li yo akòz kretyen Jwif yo ki vle separé l ak moun Galasi yo pou fè yo vin jwenn yo, pou fè yo antre nan esklavaj Lalwa Jwif yo. Pòl mande pou moun Galasi yo vin tankou li menm ki pa rete anba Lalwa a ankò.

**4,21-31 :** Nan kòmansman istwa Pèp Bondye a, yo pale sou lafwa Abraram ak pwomès Bondye te fè li a. Pòl pa esplike istwa sa a menm jan liv Jenèz la rakonte l (Jenèz 16,5). Li esplike

sa ki ekri: « Abraram te gen de pitit, youn ak yon fi ki te esklav la, lòt la menm ak fi ki gen libète a. »<sup>23</sup> Men pitit esklav la te fèt dapre jan moun konn fèt. Pitit madanm ki gen libète a menm te fèt dapre pwomès la.<sup>24</sup> Bagay sa yo se yon parabòl. Medam yo reprezante de Kontra. Youn ki sòti nan mòn Sinayi, ki anfante pou esklavaj: se Aga.<sup>25</sup> Aga menm se mòn Sinayi nan <sup>Jn 8,33</sup> Arabi. Li reprezante Jerizalèm kounye a. Reyèlman vre, l ap sèvi kòm esklav ansanm ak pitit li yo.<sup>26</sup> Men Jerizalèm anwo a menm gen libète, se li menm ki manman nou.<sup>27</sup> Reyèlman vre, men sa ki ekri: « Fè kè w kontan, ou menm ki pa kapab fè pitit, ki pa anfante. Fè kè w kontan, rele fò, ou menm ki pa konnen doulè tranche, paske pitit pa fi yo bandonen an plis pase pa fi ki gen mari a. »<sup>28</sup> Nou menm frè m yo, nou se pitit pwomès la tankou Izarak.<sup>29</sup> Men, menm jan pitit la ki te fèt jan moun konn fèt la t ap pèsekite pitit la ki fèt dapre Lespri a, se konsa sa ye alèkile tou.<sup>30</sup> Men kisa Liv la di nan sa? « Mete fi ki esklav la deyò ak pitit li a, paske pitit pa fi ki esklav la p ap eritye ansanm ak pitit pa fi ki gen libète a. »<sup>31</sup> Se poutèt sa, frè m yo, nou pa pitit pa fi ki esklav la, men nou se pitit fi ki gen libète a.

<sup>Jen 17,16</sup>

<sup>Eb 12,22;</sup>  
<sup>Ap 21,2;</sup>  
<sup>Iz 54,1</sup>

<sup>1Tes 2,14</sup>

<sup>Jen 21,10</sup>

I sou yon fòm ki senbolik. Se konsa yo te abitye fè sa nan tan Pòl la. Li pale sou pitit Aga a ak pitit Sara a dapre sa yo chak reprezante. Sara te fi ki gen libète, Aga te esklav. Li vle fè konparezon ant Ansyen ak Nouvo Kontra Bondye te pase ak pèp la. Premye Kontra a Bondye te pase l ak Jwif yo nan mòn Sinayi ak Lalwa Moyiz te ba yo. Pòl di se nan peyi Arabi, Mòn Sinayi a ye, epi se la pèp Aga te viv.

Pitit la Abraram te fè ak Aga a te fèt yon fason natirèl, tankou nenpòt pitit ki sou latè. Men Izarak, pitit Abraram te fè ak Sara, li sòti nan bél pwomès Bondye a paske Sara se te yon fi ki pat kapab fè pitit; konsa se favè Bondye a ki te fè li vin fè pitit. Pòl di : Jwif yo ki anba Lalwa Moyiz te ba yo nan Sinayi a, yo esklav tankou Aga. Kretyen yo ki pa anba pouvwa Lalwa a, yo gen libète paske yo vin pitit Bondye grasa favè Bondye te fè yo nan Jezi Kri. Yo lib tankou Lespri Bondye a menm ki fè yo lib nan Jezi Kri.

**Kenbe libète nou**

Jn 8,36

Wm  
2,25;  
Jk 2,101Kor  
7,19;  
Jak  
2,14;  
1Kor  
13,131Kor  
5,6

**5** <sup>1</sup>Se pou nou gen libète, Kris la te delivre nou. Kenbe fèm. Pinga nou foure tèt nou anba jouk esklavaj ankò. <sup>2</sup>Men sa mwen menm Pòl m ap di nou : si nou fè yo fè sikonsizyon pou nou, Kris la pa itil nou anyen. <sup>3</sup>Mwen dekla-re yon lòt fwa ankò : nenpòt moun ki fè yo fè sikonsizyon pou li, oblige swiv tout Lalwa a. <sup>4</sup>Nou pa gen rapò ak Kris la ankò, nou menm k ap chèche vin kòrèk ak Lalwa a. Nou wete kò nou nan favè a. <sup>5</sup>Pou nou menm, nan lespri ki sòti nan lafwa a, n ap tann ak lespwa sa ki fè moun vin kòrèk la. <sup>6</sup>Reyèlman vre, nan Jezi Kri, ni fè sikonsizyon, ni pa fè sikonsizyon, pa gen okenn valè, men sa ki konte se lafwa k ap travay ak renmen an. <sup>7</sup>Jan nou te kouri byen sa a ! Kilès ki te antrave nou pou nou pa obeyi laverite a ? <sup>8</sup>Yon lide konsa pa sòti nan Sila ki rele nou an, moun Galasi yo. <sup>9</sup>Yon ti kras ledven ap fè tout pat la leve. <sup>10</sup>Bò pa m, mwen genyen nou konfyans nan Granmèt la : nou p ap genyen okenn lòt lide nan tèt nou. Men moun sa a k ap boulvèse tèt nou yo, kèlkeswa moun li ye, I ap jwenn

**5,1-4 :** Se pou nou viv lib, Kris la te delivre nou, nou pa dwe tounen anba zòd lòt mèt ankò. Se vre Jezi Kri te ba nou libète, men nou kapab tounen esklav yon lòt fwa ankò. Fòk nou veye toutan pou nou kontinye toujou grandi chak jou nan libète sa a.

**5,5-6 :** Moun ki kretyen an, se sila ki resevwa lafwa nan Jezi Kri ; ak lafwa, li resevwa Lespri Sen an epi nan renmen li renmen frè ak sè parèy li yo, li kominike menm fòs Lespri Sen an bay lòt yo. Se konsa lavi kretyen an ye. Mak fabrik lavi kretyen an se Lafwa, Lespwa ak Renmen, epi se konsa lavi tounèf nan Jezi Kri a ye.

Pòl esplike yo ak yon ti parabòl, danje ki genyen si nou pran yon pòsyon nan sa ki kont Bon Nouvèl la. Yon ti kal ledvèn fè tout pat la leve. Laverite Bon Nouvèl la pa jwèt. Nou abitye bay de pawòl : yon bò, nou pwoklame nou se pitit Bondye, nou pale sou favè Bondye, sou lavi espirityèl, epi yon lòt bò, se afè tè a ki anvayi lespri nou ak zèv fènwa ki bouche I.

**5,12 :** Kanta pou moun k ap akize I yo, Pòl di yo : li ta pi bon pou yo chatre yo nèt. Pou pase yo nan betiz, Pòl konpare Jwif ki tap boulvèse moun Galasi yo ak kèk moun ki te konn fè cha-

pinisyon I. <sup>11</sup>Kanta pou mwen menm, frè m yo, si m anonse toujou se pou moun fè yo fè sikonsizyon pou yo, poukisa yo pèsekite m toujou ? Si se konsa, kwa a pa t ap yon antrav ankò !

1Kor  
1,23

<sup>12</sup>Moun k ap boulvèse tèt nou yo, pa

Flp 3,2

pito yo ta chatre yo nèt ! <sup>13</sup>Reyèlman vre,, frè m yo, yo rele nou pou nou gen libète, sèlman pinga libète a tounen yon okazyon pou kò peche a. Men okontrè se pou youn sèvi lòt nan renmen. <sup>14</sup>Reyèlman vre, tout Lalwa a fin bon nèt nan yon sèl pawòl, nan pawòl sa a : « *Wa renmen pwochen ou tankou pwòp tèt pa w.* » <sup>15</sup>Men si nou youn ap mode lòt, si nou youn ap devore lòt, fè atansyon pou nou youn pa detwi lòt.

Wm  
6,15;  
1Pyè  
2,16Lev  
19,18;  
Mk  
12,31**Bay Lespri a chans li**

<sup>16</sup>Konsa mwen di nou : mache dapre Wm 8,5 Lespri a pou nou pa swiv move anvi kò a. <sup>17</sup>Reyèlman vre, kò a anvi sa ki ale kont Lespri a, Lespri a anvi sa ki ale kont kò a, konsa youn ap goumen ak lòt, kifè se pa sa nou vle fè a nou fè. <sup>18</sup>Konsa si se Lespri a k ap fè nou aji, nou pa anba pouvwa Lalwa a. <sup>19</sup>Nou wè kijan travay kò a parèt aklè : dezòd,

Wm  
1,29

tre yo, pou yo fè sèvis pou bondye fanm Sibèlès, ki te pi gwo bondye famm yo te genyen nan Galasi.

**5,13 :** Lè nou resevwa lavi tounèf Lespri Jezi Kri te ba nou an, Bondye rele nou pou nou vin gen libète toutbon. Men nou pa dwe twonpe tèt nou. Libète se pa fè sa nou vle dapre vye tandans ki nan kò nou yo. Libète se pa egois. Libète toutbon an se mete lavi nou osèvis lòt yo menm jan ak Jezi Nèg Nazarèt la. Pòl reprann Bon Nouvèl la epi li rezime Lalwa nan yon sèl kòmandman : « *Se pou youn renmen lòt* » e moun ki renmen frè ak sè parèy li yo se li ki fè volonte Bondye toutbon. Se Lespri Sen an sèl ki ka enspire lafwa kretyen la ki aji ak renmen.

**5,16-18 :** Pawòl sa yo : « *Anvi kò a ak sa lespri a anvi* » se pa de pati nan kò moun, kòmsi youn se kò a, epi lòt la se nanm nan. De pawòl sa yo reprezante de oryantasyon nan lavi moun, de kon-pòtman ki diféran nèt youn ak lòt. « *Sa lespri a anvi* » se konpòtman ki mennen nou nan renmen ak rann lòt yo sèvis. « *Anvi kò a* » se oryantasyon ki mennen nou nan egois, nan mechanste ak nan lògèy, se kò ki anba pouvwa peche a.

**5,19-21 :** Lis peche Pòl montre a pa gen tout

bagay sal, libètinaj, <sup>20</sup>sèvi zidòl, maji, rayisans, fè kont, jalouzi, gwo kòlè, lanbisyon, simaye divizyon, fè plizyè klan, <sup>21</sup>lanvi, bweson, vye banbòch ak tout lòt bagay ki sanble ak yo. M ap pale nou, menm jan mwen te deja fè l la : Moun k ap fè bagay sa yo p ap eritye Peyi kote Bondye Wa a.

<sup>Ef 5,9;</sup>  
<sup>2Kor</sup>  
<sup>6,6;</sup>  
<sup>1Kor</sup>  
<sup>13,4</sup>  
<sup>1Jn</sup>  
<sup>4,17</sup>  
<sup>Kol</sup>  
<sup>3,3;</sup>  
<sup>1Pvè</sup>  
<sup>2,11</sup>  
<sup>Flo</sup>  
<sup>2,3</sup>

<sup>22</sup>Men kisa Lespri a donnen: renmen, kè kontan, kè poze, anpil pasyans, bon kè, bon santiman, lafwa, <sup>23</sup>bon jan, kontwòl kò a. Pa gen okenn lwa kont bagay sa yo. <sup>24</sup>Patizan Jezi Kri yo kloure kò yo sou kwa a ansanm ak move tandans yo, move santiman yo. <sup>25</sup>Si n ap viv dapre Lespri a, se dapre Lespri tou pou nou mache. <sup>26</sup>Pinga nou tounen moun k ap vante tèt yo, moun k ap chèche kont youn ak lòt, pa anvye sò lòt moun.

### Se pou youn ede lòt

<sup>Mt</sup>  
<sup>18,15;</sup>  
<sup>2Tes</sup>  
<sup>3,14;</sup>  
<sup>Jak</sup>  
<sup>5,19</sup>  
<sup>Jn</sup>  
<sup>13,34</sup>

**6** <sup>1</sup>Frè m yo, si yo jwenn yon moun ap fè sa ki mal, nou menm k ap mache dapre Lespri a korije yon moun konsa, ak yon lespri bon jan, antan w ap veye tèt ou pou w pa pran nan pyej, ou menm tou. <sup>2</sup>Se pou youn ede lòt pote chay la: se konsa n a swiv Lalwa

peche moun konn fè. Men ladan I, nou kapab separe peche ki sòti nan egois yo an 4 kategori : peche ki gate rapò moun ak Bondye, peche ki gate rapò moun ak moun, peche ki gate rapò moun ak sosyete a, peche ki gate rapò moun ak pwòp tèt li.

**5,22-26 :** Moun ki kretyen yo, yo fèt pou kite Lespri Sen Jezi Kri a gide lavi yo, pou yo viv nan renmen. Pòl montre nou jan renmen an devlope nan lavi kretyen yo: ak lafwa, ak bon jan ak kontwòl kò a. Apre sa, li montre nou jan renmen parèt aklè nan kominote kretyen yo: ak kè kontan ak kè poze. Epi li montre nou jan moun ki renmen aji nan kominote yo: ak pasyans, ak bon kè, ak bon santiman.

Tout bagay sa yo se yon pwogram pou lavi kretyen yo anndan kominote a.

**6,1-10 :** Nan moman pou Pòl te di moun yo orevwa, li te tounen pale sou pwoblèm kominote a. Li pa t rete sou pwoblèm reliyon ase, men tou li te pale sou kèk moun yo te konsidere epi ki te paret kòm yon elit, tankou Farizyen yo. Li mande pou moun ki vle korije frè yo fè sa jan Lespri Sen an montre nou. Paske korije yon frè

Kris la nèt. <sup>3</sup>Paske si yon moun pran tèt li pou kichòy san li pa anyen, se pwòp tèt li l ap bay mant. <sup>4</sup>Se pou chak moun kalkile pwòp travay li, lè sa a l a vante tèt li pou li menm sèl, men pa pou lòt. <sup>5</sup>Reyèlman vre, chak moun ap pote pwòp chay pa yo. <sup>6</sup>Se pou sila ki aprann Pawòl la pataje tout byen ak moun k ap montre li a. <sup>7</sup>Pinga nou twonpe tèt nou, Bondye pa janm kite yo pase l nan rizib. Sa yon moun simen, se li l ap rekòlte. <sup>8</sup>Paske sila k ap simen nan pwòp kò l, l ap rekòlte sa kò a donnen: pouriti. Sila k ap simen nan Lespri a ap rekòlte sa Lespri a donnen: lavi pou toutan. <sup>9</sup>Pinga nou janm bouke fè byen, paske lè moman an rive, nou pral rekòlte si nou pa dekouraje. <sup>10</sup>Konsa antan nou gen tan, an nou travay fè byen pou tout moun, sitou pou moun ki gen menm lafwa ak nou.

<sup>1Kor</sup>  
<sup>3,18;</sup>  
<sup>4,7</sup>

<sup>1Kor</sup>  
<sup>9,11;</sup>  
<sup>Wm</sup>  
<sup>15,27</sup>

<sup>Pwv</sup>  
<sup>22,8;</sup>  
<sup>2Kor</sup>  
<sup>8,6;</sup>  
<sup>1Kor</sup>  
<sup>15,35</sup>

<sup>1Tes</sup>  
<sup>5,15</sup>

### Yon dènye pawòl

<sup>1Kor</sup>  
<sup>16,21;</sup>  
<sup>Kol</sup>  
<sup>4,18</sup>

<sup>11</sup>Gade gwosè lèt m ekri pou nou ak pwòp men mwen. <sup>12</sup>Tout bann moun k ap chèche fè wè yo pou pwòp avantaj kò yo, se yo menm ki vle fòse nou pou yo fè sikonsizyon pou nou. Y ap fè sa

oubyen yon sè parèy nou sa dwe fèt ak bon jan, epi nan veye kò pa nou ak konpòtman nou.

Lalwa Kris la se pa menm ak Lalwa Jwif yo. Se Lalwa Lespri Sen an ki bay lavi nan Jezi Kri. Sèl Lalwa Jezi te kite pou kretyen yo se Lalwa renmen an (5,14). Obeyi Lalwa Kris la se viv renmen an tankou Jezi te viv li. Renmen toutbon an sòti nan libète epi li fè moun mete tèt li osèvis lòt yo, osèvis pwojè lavi Bondye genyen pou moun. Nou te konnen pwojè lavi sa a nan Jezi.

**6,11-18 :** Pòl akize kretyen Jwif yo, yo plen ogèy, yo lach, yo nan riz. Yo chèche pwòp prestij pa yo; yo pa vle sibi pèsekisyon akòz Bon Nouvèl Jezi Kri a. Yo preche Lalwa Moyiz la men yo pa fè sa yo di. Pòl te chwazi yon wout ki diféran nèt. Li pa chèche sa ki nan avantaj li. Jwif yo pèsekite Pòl, yo pase l nan betiz, gen lòt ki fè jalouzi, yo pa t konsidere l menm jan ak lòt apot Jezi te chwazi yo. Pou yo, li pa t apot. Men menm anba pèsekisyon yo, Pòl te mete kontantman li nan Jezi Kri, epi nan Jezi Kri yo te kloure sou kwa a.

Poutèt sa li di yo kloure tè a sou kwa a pou mwen ... Pòl sèlman vle swiv Jezi yo te kloure

pou yon sèl bagay : pou yo pa pèseki-te yo, poutèt kwa Kris la. <sup>13</sup><sub>Mt 23,15</sub> Reyèlman vre, yo menm ki fè yo fè sikonsizyon pou yo a, pa fè sa Lalwa a mande a. Epoutan yo vle pou yo fè sikonsizyon pou nou, konsa pou yo kapab vante tèt yo poutèt kò pa nou. <sup>14</sup><sub>2,19; 2Kor 12,9</sub> Pou mwen menm, pa gen vante tèt ditou, si se pa nan kwa Granmèt nou Jezi Kri. Se grasa li yo kloure tè a sou kwa pou mwen, epi mwen menm tou pou tè a.

<sup>15</sup><sub>2Kor 5,17; Ef 4,24</sub> Paske sa ki konte se pa ni fè sikonsizyon, ni pa fè sikonsizyon, men yon moun tounèf Bondye fè. <sup>16</sup><sub>11,23</sub> Pou tout moun k ap swiv presip sa a, kè poze ak kè sansib Bondye a, konsa tou pou Izrayèl Bondye a. <sup>17</sup><sub>Flo 4,23</sub> Konsa, alèkile atò, pinga pyès moun ban mwen tèt chaje, mwen menm, mwen pote mak Jezi yo nan kò mwen. <sup>18</sup> Frè m yo, se pou favè Granmèt nou Jezi Kri ak lespri nou, Amèn.

---

sou lakwa a. Paske se nan lakwa a lavi tounèf la sòti, e nan lavi tounèf la, afè fè sikonsizyon ou pa fè sikonsizyon pa vle di anyen. Sèl sa ki enpòtan se lavi Bondye ba nou nán Jezi Kri a. Tout lòt bagay pa gen okèn valè ankò.

*Se pa t mak sikonsizyon an, se te mak Jezi a...  
Pòl t ap fè moun Galasi sonje kantite kou ak blese li te resevwa nan preche li preche Bon Nouvèl la.*